

Isuzuma ry'umwaka wa 2024 ryerekeye Amagara y'abantu muri iyi Reta ni incamake y'ivyo tuzi ku bijanye n'amagara n'ukubaho neza vy'abantu i Vermont. Iri tororokanywa ritoya ry' amakuru rirerekana ivyo basanze mu makuru y' ibijanye n' ubuzima bw' abakuze baba Vermont. Harimwo amakuru avuye mu yashobora kubonwa na bose hamwe no mu mahuriro y'ibiganiro n'ibiyago vyatanzwe n'abafatanyabikorwa bo mu karere hamwe n'abantu babifisemwo ubumenyi.

Ivyagaragaye nyamukuru

- **Umugwi uguma uba munini:** Ibitigiri vy' abanya gihugu bo muri Vermont bafise imyaka 65 n'iyirenga vyahatswe kwigwiza na kabiri hagati y' umwaka wa 2010 na 2021, vyavuye ku bice 10.5 kw' ijana bija ku bice 19.5 kw' ijana.
- Ghura n' **ibibazo vy'ubukene** vyinshi:
 - Abangana n' ibice 22 kw' ijana bonyene nibo bakora.
 - Amafaranga binjiza mu mwaka avuyeko \$7,500 uyagereraniye n'inchagati y'amafaranga abandi bantu binjiza buri mwaka muri iyo reta.
 - Ibice 9.1 kw' ijana baba mu bukene burenze.
 - Abarenga ica kabiri c' abapanze bakoresha amafaranga arenga ibice 30 kw' ijana y' ayo binjiza mu kuriha inzu.

"Uragenda hanyuma ukariha. Kuri jewe, ivyo nta kibazo. Ariko noneho uratinya kuvuga ikindi kuko bazokujana ahandi ... Kandi ntushobora kubishobora, Aho uvuga uti ni mubihagarike. Singenda."

- Abashika ibice 26 kw' ijanabaribana , bigatuma bibagora gushikira ubufasha bakeneye.
- Ibice bibiri kuri bitatu bamenyeshako **bibagora kuronka ubufasha** bakeneye mu bijanye n'amagara.
- Abashika ibice 78 kw' ijana vy' abakuze baba Vermont nibo bafise **ngurukanabumenyi imeze neza** .
- **Ubwishingizi canke Medicare budahagije, butizewe, kandi budatahuritse** butuma amaseruvizi y'amagara agora gushikirwa canke adashikirwa.
- Ibitigiri vyo hejuru vy' indwara zidakira, ubumuga, na kanseri bifise ingaruka zikomeye ku **magara yo mu mutwe, gukenera buvuzi, amafaranga ategakanijwe gukoreshwaku** bantu bakuze baba ngaho.

"Iyo ntegerezwa kuja mu bubiko bw' ubuvuzi ngo ndonke ibirato vy' abagwaye igisukari, bisaba ko ngenda ikirometero kimwe n' igice kuva aho bisi inshikana. "Ego, kandi mu gihe nk' iki c' umwaka nzotegerezwa kuba ntagifise."

"Naratanguye gukoresha food shelf kandi naragabanije ingabire nahora mpa abuzukuru banje."

- Igitigiri c' abantu bakuze bo muri Vermont bafise uburaro buguma buhindagurikacanke nta buraro bagifise.
- Intambamyi zishingiye ku muryango n' ibidukikije, nk' ihinduka ry' ikirere na Covid-19, bifise ingaruka mbi ku migwi isanzwe iri mu kaga.

"Ibiciro biri hejuru cane ku buryo tutobikomanya. Aha turiko tuvuga ama dolari ibihumbi ijana ibi bitaro vyakuye kuri jewe. Ntibikwiriye Nta gituma na kimwe boguma baduza ibiciro vy' ubuvuzi."

- Ku bantu batanga ubufasha ku bagize umuryango canke abakunzi.
 - Ibice 41 kw'ijana bavuze ko **bafasha umuntu** afise uburwayi bwo gutakaza ubwenge.
 - Abarenga umwe kuri babiri batanga ubufasha amasaha arenga **20 mu ndwi**, benshi babikora 24/7
 - Ikibazo co kuronka no kuriha **ubufasha bw'ikiruhuko** ni ikibazo gisanzwe kihari.
 - Abubakanye batanga ubufasha bavuga ko bafise **ibibazo vyinshi** bijanye n'amagara yabo bwite
- **Mu ntambamyi zo kuronka ubuvuzi** harimwo ukwiyunguruza, kugira no kugumya ubwishingizi, amafaranga yo kuriha, hamwe n' ubwishingizi bw' amenyo budakwiye.

Ingorane z'amagara	ufise Ubumuga	ufise Indwara zo mw' ihwaniro ry' amagufa	Uramaze kurwara Kanseri	ufise Indwara z' umutima n' imitsi itwara amaraso Indwara	ufise Umuvuduko w' amaraso uri hejuru	ufise Hejuru Ibinure
Amerika Yose	Ibice 29 kw' ijana	Ibice 25 kw' ijana	Ibice 7 kw'ijana	Ibice 8 kw' ijana	Ibice 30 kw' ijana	Ibice 30 kw' ijana
Abantu bose b'i Vermont	Ibice 25 kw' ijana	Ibice 29 kw' ijana	Ibice 7 kw'ijana	Ibice 8 kw' ijana	Ibice 25 kw' ijana	Ibice 25 kw' ijana
VT: Imyaka irenga 65	Ibice 38 kw' ijana	Ibice 54 kw'ijana	Ibice 18 kw' ijana	Ibice 18 kw' ijana	Ibice 52 kw'ijana	Ibice 52 kw'ijana

"Biratera ubwoba igihe uravye imbere yacu kandi ukabona abantu barushiriza gusaza, kandi tuzokwitaho gute abo bantu bose...cane cane iyo ufise abantu bari kure y' igisagara bisaba iminota 40 kugira ngo bashikire ikintu icarico cose, nko gushikira ama litiro atatu y' amata."

Dufatanije na:



Ivyo turabirako:

- [Ubusumbasumbane mu bijanye n'amagara ku rwego rw'akarere](#) Igisata c'Amagara y'Abantu ca Kaminuza ya Wisconsin. Ibikoresho birimwo:
 - [Amatohoza n'Amakuru vyerekeye Amagara y'Abantu vy'Igisata c'Amagara y'Abantu VT Department of Health Population](#)
 - [Ishami ry'Amakuru yo mu Gisata c'Inyigisho hamwe n' ivyegeranyoi Vermont](#)
 - [Igitabu kijamwo amakuru y'ivyva Kanseri i Vermont](#)
 - [VT amakuru ajanye niyaha](#)
 - [Gukurikiranira Hagufi Amakuru Yerekeye Amagara y'Abantu n'Ibidukikije mu Gisata c'Amagara y'Abantu c'i Vermont](#)
 - [Ibiri ibarabara rikuru rya Reta ya Vermont](#)
 - [Iqipimo c' incanco ca Vermont](#)
- [Ikigeza c'amakuru CARES](#), Kaminuza y'i Missouri. Amakuru ava ahantu hatandukanye, harimwo:
 - Ibiri vya Rusansuma vya Reta Zunze Ubumwe za Amerika
 - Amatohoza Akorwa ku Bantu bo muri Amerika (ACS)
 - Ibigo Bijewe Kurwanya no Gukinga Indwara (CDC)
 - Ubushikiranganji bw'Uburimi n'Ubworozi muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika (USDA)
 - Ubushikiranganji bwo kwiunguruza
 - Ibiri bikuru vy'Iperereza vya Amerika
- [Urwego rwo Kugenzura Ibishobora Gutuma haba Ingorane ziva ku Nyifato \(BRFSS 2021\)](#)
- [Iyavuye mu biganiri: Igikorwa c' integuro ya Vermont co gusaza neza](#)
- Ibikorwa vyo gushikiriza amakuru y'umwimbu muri Vermont: [Ikigereranyo c' abanyagihugu ba Vermont urabiye ku myaka : 2021 ugereraniye na 2010](#)